



TRYOUT 3
PPQ SMPIT PERMATA SURABAYA
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran :	Bahasa Jawa	Nilai
Kelas :	9	
Hari/Tanggal :		
Nama Siswa :		Paraf

1. Gatekna wacan iki!

Uwuh sing ana ing masyarakat bisa kaperang dadi loro, yaiku uwuh organik lan anorganik. Uwuh organik yaiku sawenehing uwuh sing dumadi saka tetuwuhan utawa urip-uripan, upamane sisa panganan, godhong, lan liya-liyane. Dene uwuh anorganik yaiku uwuh sing dumadi saka proses prodhuksi kanthi cara kimia, upamane wesi, kaca, plastik, lan liya-liyane. Sakabehi nguwuh mau menawa ora diopeni kanthi becik mesthi nuwuhake ambu sing ora enak lan pungkasan bisa nyebabake lelara.

Uwuh kang dumadi saka proses prodhuksi kanthi cara kimia umpamane wesi, kaca, plastic lan liya-liyane diarani uwuh ...

- a. organisme
- b. organik
- c. anorganik
- d. sintetis

2. Gatekna punggelan wacan iki!

Global warming minangka sawijine proses mundhake suhu rata-rata ing bumi, yaiku lapisan *atmosfer*, daratan, lan segara. Manut *Natural Resources Defense Council* (NRDC), *global warming* yaiku proses mundhake suhu utawa temperatur udara amarga ora bisa uwale panas ing atmosfer kang disebabake dening gas karbondioksida. Kahanan kasebut bisa ndadekake perubahan iklim lan mujudake bencana ing permukaan bumi.

Manut wacan kasebut, *global warming* kedadeyan amarga ora bisa uwale panas kang disebabake dening gas

- a. karbonmonoksida
- b. karbonpentasida
- c. karbondioksida
- d. karbonoktasida

3. Gatekna punggelan wacan iki!

Pencemaran lingkungan yaiku sawijining kahanan mrihatinake kang bisa ndadekake karusakan lingkungan kang dumadi ing banyu (*perairan*), lemah utawa dharatan, lan hawa (*udara*) kang ... saka tata kelola limbah utawa uwuh kang kurang becik, keluke pabrik utawa kendharaan bermotor, lan sapiturute. Pencemaran lingkungan ing kutha-kutha gedhe lumrahe dumadi saka limbah-limbah industri lan rumah tangga.

Isine cecak-cecak kasebut sing bener yaiku

- a. koksebabake
- b. daksebabake
- c. disebabake
- d. nyebabake

4. Gatekna punggelan wacan iki!

GAWE GAS LPG (ELPIJI) DHEWE BISA MURUP 24 JAM NONSTOP

Gegeran bab warta mbledhose gas elpiji, utawa saya langka lan larang regane gas kuwi, mesthi wae dadi masalah kanggo rakyat lan pamarentah. Ing tangane priya saka Karanganyar iki, Budi, proses prodhuksi biogas digawe luwih prasaja, gampang, lan murah, nanging tetep efektif nalika digunakake. Kanthi inovasi lan eksperimen bola-bali, ... mesin prasaja kanggo ngolah sampah dadi gas sing efektif lan ramah

lingkungan. Sanajan mung lagi skala omahan, nanging idhe kreatif iki uga bisa dadi peluang usaha sing menarik. "Mesin iki dijenengi Albakos . Singkatan saka Alat Biogas Konsumsi Sampah," ujare Budi (49), sing uga kondhang diundang bapak biofuel iki.

Isine cecak-cecak kasebut sing bener yaiku

- asile
- ngasilake
- dakasilake
- diasilake

5. Gatekna wacan iki!

Puluhan taun kali lamong mbanjiri warga ing sakiwa tengene amarga kang ora bisa nampung akehe banyu. Bupati Gresik, Walikota Surabaya, Gubernur Jawa Timur, wis bola-bali ganti, nanging meksa durung bisa ngatasi banjir kali ing tapel wates Kabupaten Gresik lan kutha Surabaya iku. Saben taun warga kecamatan Benjeng, Menganti, Cerme ing kabupaten Gresik lan warga kecamatan Benowo ing Surabaya iku mesthi keban banjir, sing sok nganti nuwuhake kurban jiwa. Tanduran pangan padha kelem, iwak-
iwak ing tambak padha kentir embuh parane. Sing sekolah kepeksa prei amarga sekolahane kebanjiran. Kantor kecamatan, kantor desa, Polsek lan Koramil, uga ora bisa weh paladenan jalaran kelem.

Banjir ing kali Lamong dumadi amarga apa?

- Wong kang mbuwang sampah ing kali
- Kali kang ora bisa nampung akehe banyu udan
- Kali kang kebak sampah
- Rusake ekosistem ing kali kasebut

6. Cacahe aksara rekan wonten....

- 4
- 6
- 7
- 8

7. Gatekna aksara jawa ing ngisor iki!



Ukara kasebut mawa aksara rekan kha. (Benar/Salah)

8. Gatekna wacan iki!

JAKA TARUB

Para Nawang lagi guneman ing kahyangan. Dheweke mudhun saka kahyangan arep adus ing bumi.

Nawang Sekar : "Ayo dulur, dolan menyang bumi!"

Nawang Lintang : "Wah...ayo! Nanging dolan menyang ngendi?"

Nawang Sari : "Aku duwe pamikiran, ayo adus ing tlaa wae"

Para Nawang : "(Nggawa slendhange) Ayo....!"

Para Nawang teka ing sumber lan nyeleh slendhang ing dhuwur watu gedhe.

Nawang Sekar : "Wah...seger tenan banyune."

Nawang Sari : "Iya, bening banget."

Nalika para Nawang padha dolanan banyu lan guyonan, Jaka Tarub liwat lan ndhingkik para Nawang sing lagi adus.

Jaka Tarub : Wah,sapa kuwi? Ya Jagad Dewa Bathara, ayu-ayu tenan rupane."

Jaka Tarub duwe akal arep njupuk salah siji slendhange para Nawang. Tujuane supaya bisa tetepungan karo salah sijine utawa kabeh para Nawang.

Jaka Tarub : "Wah...slendhang endi sing arep dakjupuk? Iki wae wis!"

Rada sauntara, para Nawang banjur padha mentas saka sumber. Para Nawang njupuk slendhange dhewe-dhewe.

Nawang Sari : "Ayo para maku, ayo para maku, ayo para maku!"

Nawang Sekar : "Ayo bali, sesuk mrene maneh"

Nawang Lintang : "(bingung tolah-toleh) Lho... ana ngendi slendhangku?"

Nawang Wulan : "Iku mau kokseleh ngendi?"

Nawang Wulan : "(nuding watu gedhe) Ing watu gedhe kuwi, bareng mbakyu kabeh"

Nawang Sari : "Apa ana manungsa liwat lan njupuk slendhangku?"

Punggelan drama ing ndhuwur kalebu tuladhane drama tradhisional kang nduweni alur maju. (Benar/Salah)

9. Gatekna punggelan naskah drama iki!

- Arya Tadah : Gusti Prabu Putri Tribuana Tungga Dewi..sedaya para punggawa sampun ngadhep ing pasewakan dinten menika, lan Gajah Mada ugi sampun sowan. Gajah Mada saged nyirep reretuning Keta lan Sadeng.
- Tribuwana TD : Gajah Mada, nyata sira prajurit pinunjul. Ingsun ratu Mojopahit nelakake neda panarima awit lelabuhanira bisa nyirep reretune praja Mojopahit....
- Arya Tadah : Gusti Prabu, gandheng praja Mojopahit sampun tentrem, kula Arya Tadah mangsuli rembag bab anggen kula munjuk serat undur dhiri ing ngarsanipun Gusti Prabu, awit sampun wancinipun Mojopahit dipunpimpin para mudha.
- Tribuwana TD : Kabeh wis ing sun penggalih paman, mula ing sun pinangka ratu Mojopahit sampun damel layang kekancingan. Sumangga kula aturi maos paman.

Saka punggulan drama ing ndhuwur, bisa diweruhi yen panggonan kedadeyan drama kuwi ana ing kraton Majapahit. (Benar/Salah)

10. Gatekna wacan iki!

RUDI LAN PS3

Rudi isih katon ngresula. Mulane, mulih sekolah dheweke ora langsung mulih, nanging isih leveh-leveh ing sacedhake wit-witan gedhe. Banjur ana salah sawijining kancane sing lagi teka.

Yovok : "Lho Rud, nyapo kok isih meneng wae ing kene?"

Rudi : "Ora nyapapa. Yok. Aku mung kesel wae, pengin leren" (Njalal ngguyu, nanging ngguyune katon kapeksa).

Yovok : "Halah... ngaku wae ta Rud! Saka ngguyumu iku wae lho wis katon."

Rudi : "Iya Yok, pinter. Aku pancen lagi mangkel karo bapakku."

Yovok : "Lha mangkel kena apa?"

Rudi : (Unjal ambegan jero) "Bapakku ora gelem nukokake PS3 kanggo aku. Kamangka aku pengin banget. Jarene mengko bakal ganggu anggonku sinau."

Yovok : "Ha... Ha..." (ngguyu pongah).

Rudi : "Kok awakmu guyu ta, Yok?"

Yovok : "Ya iya ta Rud. Mosok gara-gara perkara sepele kaya ngono wae, awakmu susah. Ora ditukokake PS3 ya tuku dhewe. Gampang ta?"

Rudi : "Lha terus entuke dhuwit saka ngendi? Regane PS3 kan larang?"

Yovok : "Wis, gak usah dipikir! Mengko takwarahi carane nggolek dhuwit cepet. Saiki ayo padha melu aku! (Ngadeg).

Manut
teks
drama
modern
ing
ndhuwur

bisa dingerteni watake Rudi, yaiku

- yen duwe karep kudu kelakon
- sabar
- gampang nesu
- gampang

Gantekake teks drama modern ing ngisor iki!

SINAU BARENG KANCA

Ing sawijining dina, ana pemudha sing wis pada dadi kanca raket wiwit cilik, yaiku Toni lan Habib. Saklorone pada seneng sinau lan dadi juwara kelas makili sekolah kanggo melu lomba ing ngendi-endi. Untunge pintere bocah sakloron iku ora marai dheweke sombong, dadi pada disenengi karo kanca sekolahe. Akeh kancane sing njaluk warah materi ning kelas sadurunge ujiyan ben ora melu remedi kabeh.

- Dina : “Aku kok ora mudheng blas ya karo materi matik sing himpunan iki.”
 Joni : “Lha awak dhewe tibake padha wae. Din. Aku ket wingi wis maca lan sinau, nanging isih bingung karo konsep sing dimaksud.”
 Dina : “Terus kepenake piye ya, Jon? Masa awak dhewe kudu melu bimbél supaya bisa mudheng karo materi iki?”
 Joni : “Bimbél saiki larang pol, Din. Ora nduweni dhuwit aku yen saiki kudu melu bimbél.”
 Habib : “Din, Jon, ana apa iki? Arep ujiyan apa keprive kok kavane lagi seru obrolane?”
 Dina : “Iki lho, Bib, Ton. Aku karo Joni bingung materi Matematika. Sampek saiki ora isa mudheng karo iki.”
 Toni : “Baniur gavutane karo bimbél mau apa? Kowe arep melu bimbél?”
 Joni : “Larang banget, Ton. Ora bisa yen arep bimbél saiki.”
 Toni : “Ya wis ngene wae, aku karo Habib sinau bareng saben dina Senen. Yen kowe arep melu, ayo!”
 Habib : “Mengko sinau bareng supaya padha bisa mudheng kabeh.”
 Dina : “Tenane iki? Ora ngganggu kowe mengko?”
 Toni : “Ya ora. Mengko diomongake maneh ya. Ayo saiki ing kelas dhisik!”

11. Coba gandhengna jeneng para paraga karo basa sing dianggo ing drama kasebut!

	Ngoko Lugu	Ngoko Alus	Krama Lugu	Krama Alus
Dina				
Joni				

12. Gatekna naskah punggelan drama iki!

Rudi : Mboten napa-napa buk... Kula namung mangkel mawon kalia Antok.

Bapak : Wis ta Rud, cerita wae ora usah sungkan-sungkan.

Rudi : (unjat ambegan) Kula nembe mawon dipunawon-awonaken kalia Antok, Pak. Terose kula niki anak mama, boten gaul, gaweane mung sinau thok. Lha nek diawon-awonaken kados mekaten kula lak nggih lara ati ta, pak.

Bapak : Oalah... Rud... Rud, ngono wae kok nganti muring-muring, sing penting kan berprestasi ta? Lha nek kaya mengkono kudune awakmu malah bangga!

Ibu : Bener Rud, apa kandhane bapakmu iku. Kudune awakmu malah bangga, coba delengen pialamu sapirang-pirang kae.

Rudi : Dadosipun bapak kalia ibu *bangga* kalia kula?

Bapak : Ya jelas ta, Rud. Sapa ta sing ora bangga duwe anak pinter lan sregep.

Rudi : Pak, Rudi kan mboten natos nyuwun neka-neka dhateng bapak lan ibu, tapi wekdal niki Rudi kepengin nyuwun... he... he... (sungkan arep ngomong).

Bapak : Arep nyuwun apa? Mumpung bapak isih ana ing omah.

Rudi : (mesam-mesem) Kula ajeng nyuwun PS3 pak.

Coba gandhengna jeneng para paraga karo basa sing dianggo ing drama kasebut!

	Ngoko Lugu	Ngoko Alus	Krama Lugu	Krama Alus
Rudi				
Bapak				
Ibu				

13. Gatekna punggelan teks pidhato ing ngisor iki!

Wasana cekap samanten atur kula minangka sesuluh kanca-kanca kelas IX sedaya, mbok bilih wonten galap-gangsuling saha benceng cewenging atur, kula tansah nyuwun lumunturing samodra sih pangaksami. Nuwun.

Punggelan pidhato kasebut kalebu perangan

- A. Pembuka
- B. Panutup
- C. Surara basa (isi)
- D. Wigatine (simpulan)

14. Isinen cecak-cecak iki supaya dadi panutup pidhato kang becik!

Mugi-mugi lumantar adicara punika saged ndadosaken kita sedaya siswa ingkang wasis, pinunjul, bekti marang tiyang sepuh, lan taat ... Gusti Inggang Maha Kuwasa.

- A. Kagungan
- B. Kanggo
- C. Dhumateng
- D. Dening

15. Pasangna pranyatan karo struktur teks ing kiwane kanthi bener!

PRANYATAN		STRUKTUR TEKS
Shalawat saha salam konjuk dhumateng junjungan kita Nabi Muhammad SAW.		Panyapa

Mugi-mugi adicara dinten punika saged paring manfaat dhumateng kita sedaya.		Pangarep-arep
Para rawuh ingkang kinurmatan		Pambuka

16. Wacanen punggelan pidhato iki!

Minangka pranata adicara, kula aturaken sugeng rawuh lan atur panuwun ingkang tanpa upami, dene panjenengan sami sampun kersa angrawuhi pamundhutipun Bapak lan Ibu Sosro ingkang ing dinten punika hamengku karsa tasyakuran manggeni griya enggal. Lumantar adicara tasyakuran punika, Bapak saha Ibu Sosro badhe ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah Ingkang Maha Agung, amargi punapa ingkang dipunidham-idhamaken saged ginayuh inggih punika awujud griya enggal.

Punggelan pidhato kasebut isine ngenani

- ngidhamake omah anyar
- Bapak lan Ibu Sosro tuku omah anyar
- matur nuwun wis rawuh ing tasyakuran
- tasyakuran omah anyare Bapak lan Ibu Sosro

17. Gatekna pratelan saka teks laporan kagiyatan iki!

Dheskripsi ringkes kagiyatan:

Yogyakarta kondhang minangka jujugan wisata tumrap wisatawan dhomestik lan wisatawan manca negara. Ana saperangan panggonan kang bisa dituju nalika ana ing Yogyakarta, kayata:

- 1) Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, yaiku papan punjere panguwasa lan pusat kanggo memetri kabudayan Jawa. Ing lingkungan kraton bisa diweruhi kepriye tata cara adat Jawa ditindakake
- 2) Malioboro minangka panggonan kuliner lan nongkrong para kawula mudha mamerake kabisane ing babagan musik lan nyanyi.
- 3) Pasar Beringharjo, minangka pasar tradhisional sing tetep diuriuri. Ing pasar iki didhasarake maneka warna bathik khas Jogja lan sawernane panganan khas Jogja.
- 4) Museum Jogja Kembali mamerake crita sejarah wujud dhiorama.
- 5) Candi Borobudur, yaiku candi tinggalan jaman Mataram Kuna minangka candi paling gedhe. Kondhang minangka 7 keajaiban donya kang dibangun ing jaman Wangsa Sanjaya. Candi Borobudur wujud stupa-stupa, cetha yen candi Borobudur ing biyene kanggo pusat ibadah umat Budha.

Adhedhasar teks laporan kagiyatan kasebut, coba jangkepana ukara ing ngisor iki.

Minangka pasar tradhisional, akeh maneka warna bathik lan panganan khas Jogja

- Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat
- Maliobor
- Pasar Beringharjo
- Candi Borobudur

18. Gatekna pratelan saka teks laporan kagiyatan iki!

Ozon iku mujudake lapisan hawa (*udara*) kang ngayomi bumi saka pancaran langsung sinar *ultra violet* saka srengenge. Dina *Ozon* iki dipengeti ing saben tanggal 16 September. Taun iki sekolah SMP 1 Peduli Lingkungan wis ngetokake perwakilan limang siswa kanggo melu urun rembug ing *even Dina Ozon*, kang ditindakake ing lembaga pendhidhikan SMA Lingkungan Sehat. Kagiyatan kang ditindakake yaiku nyabuti paku saka sawetara wit-witan, supaya tanduran kasebut ora rusak. Sawise iku ngresiki uwuh wit-witan saka ngarep palataran SMA Lingkungan Sehat nganti tekan alun-alun.

Dudutan kang bisa dijupuk ing teks laporan kagiyatan kasebut yaiku

- Ozon* iku mujudake lapisan hawa (*udara*) kang ngayomi bumi saka pancaran langsung sinar *ultra violet* saka srengenge.

- b. Taun iki SMP Peduli Lingkungan melu urun rembug ing acara Dina *Ozon* Nasional sing diadakake dening SMA Lingkungan Sehat
- c. Sawise iku ngresiki uwuh wit-witan saka ngarep palataran SMA Lingkungan Sehat nganti tekan alun-alun.
- d. Kagiyatan kang ditindakake yaiku nyabuti paku saka sawetara wit-witan, supaya tanduran kasebut ora rusak.

19. Gatekna pratelan saka teks laporan kagiyatan iki!

Jawa Timur duwe potensi wisata kang perlu dikembangake. Obyek wisata sing dadi jujugan wisatawan dhomeistik ing antarane yaiku Wisata Bahari Lamongan. Wisata Bahari Lamongan (WBL) sering diarani Jatim Park 2. WBL narik kawigaten para pengunjung, jalaran ing WBL akeh banget arena dolanan (bermain). Manggon ing jalur pantura antarane Surabaya-Tuban, mula gampang banget yen arep tumuju menyang WBL. Sadurunge ana WBL obyek wisata kono luwih dikenal jeneng pantai Tanjung Kodhok. WBL minangka pengembangan obyek wisata Pantai Tanjung Kodhok.

Adhedhasar punggulan teks laporan kagiyatan kasebut, ukara andharan sing bener ngenani obyek wisata WBL yaiku

- A. WBL uga diarani Jatim Park 2.
- B. WBL lan Tanjung Kodhok dumunung ing Malang.
- C. Dalan tumuju WBL angel kanggo dilewati kendharaan.
- D. WBL narik kawigaten para pengunjung, jalaran ing WBL akeh banget arena dolanan (bermain).

20. Gatekna pratelan saka teks laporan kagiyatan iki!

Miturut pasetujon antarane wali murid lan pihak sekolah, siswa SMP Nusa Indah saben taun ajeg nindakake karya wisata. Karya wisata mung mligi kanggo para siswa kelas 9. Miturut dhawuhe Bapak Kepala Sekolah karya wisata kuwi gedhe banget mupangate kanggo para siswa. Para siswa ora mung sinau babagan teori wae. Kanggo nambahi kawruh tumrap bab-bab sing wis disinaoni, para siswa dijak sinau tuladha sanyatane. Pasinaon ing sanjabaning kelas cocog banget yen dikemas ing kegiatan karya wisata utawa studi wisata. Bab kasebut cocog kanggo mbuktekake apa-apa sing wis tau disinaoni dening para siswa. Lelandhesan bab kasebut sekolah ngajak marang para siswa studi wisata menyang WBL (Wisata Bahari Lamongan).

Adhedhasar punggulan teks laporan kagiyatan kasebut, ukara camboran sing bener ngenani obyek wisata WBL yaiku

- A. Miturut pasetujon antarane wali murid lan pihak sekolah, siswa SMP Nusa Indah sawise ngancik kelas 9 rekreasi, mula SMP Nusa Indah saben taun ajeg nganakake karya wisata.
- B. Pasinaon ing sanjabaning kelas cocog banget yen dikemas ing kegiatan karya wisata utawa studi wisata.
- C. Lelandhesan bab kasebut sekolah ngajak marang para siswa studi wisata menyang WBL (Wisata Bahari Lamongan).
- D. Para siswa ora mung sinau babagan teori wae.

21. Gatekna wacan ing ngisor iki !

Muli saka kantor pak Banu wis dipapag dening bojone. Anak wedok sing kulinane melu mapag saiki ora katon. Pawartini katon suntrut polatane merga mikirake anake wedok sing sajake ora bisa nerusake sekolah. Ora tau-taune Pawartini mapag tekane dheweke kanthi polatan kaya mangkono iku.

"Ana apa ta dhik Tin, kok ketok suntrut?" pitakone Banu.

"Apa aku ketok suntrut? Rumangsaku kok biasa-biasa wae," wangsulane Pawartini sing wiwit wingenane katon sedhih mikirake nasib anake wedok. Sakjane kepengin ndhelikake rasa sedhihe ing ngarepe sapa wae, nanging tetep ora bisa.

Swasana kang kagambarake jroning pethikan crita ing ndhuwur yaiku....

- A. Nggambarake swasana kang sedhih banget
- B. Nggambarake kahanan kang nyenengake
- C. Swasana sing dialami ora ana owah-owahan
- D. Kahanan kang bisa njalari sapa wae kaget

22. Wacanen punggelan cerkak ing ngisor iki !

Budi, minangka ketua kelas iku pancen sregep lan dhemen tetulung. Apa sing dadi tanggung jawabe sing magepokan karo tugase ketua kelas mesthi ditandangi kanthi beres. Lan, dheweke dhemen tetulung marang sapa wae tanpa pilih kasih.

Kanggo nyiapake ujian akhir, Bu Ani, guru wali kelase maringi gladhen soal-soal marang bocah-bocah. Diajab mangkone bocah-bocah ing taun iki bisa lulus kabeh kanthi biji sing maremake. Nanging, nalika Bu Ani arep mbagi gladhen soal, pranyata soale keru ing ndalem.

"Wadhuh cah, kertas soale kok keru nang ngomah, jare! " ature Bu Ani karo nggoleki kertas soal ing tase.

"Kula pendhetaken napa, Bu? " ujure Budi. Senajan ora didhawuhi, Budi gelem awèh pitulungan marang Bu Ani. Miturut Budi, iku mau uga salah sijine tugas ketua kelas.

"Ora usah wae, daleme Bu Ani adoh, kok! Kejaba kuwi, sing ana ngomah uga durung mesthi ngerti nggone soal-soal mau. "

"Wah...! Njur ora sida gladhen, ki...! " pambengoke sebagian bocah bebarengan. Katone padha gela dina iku ora sida gladhen soal-soal ujian.

"Mbesuk rak ya bisa ta, cah! "

"Menawi soal aslinipun wonten boten, Bu? Kula purun motocopi, " kandhane Budi.

Saka punggelan cerkak kasebut, ulangan ora sida ditindakake amarga

- A. Kertas soale diilangne Budi
- B. Kertas soale durung difotokopi
- C. Kertas soale boten dibeta Bu Ani
- D. Kertas soale durung disiyapake

23. Cocogna saloka lan teges ing ngisor iki kanthi trep!

	Wong lungan adoh wis suwe, bali maneh ing omahe asale maneh	Wong tuwa njaluk wuruk marang wong enom	Wong asor nanging sugih kapinteran	Wong kang njarag marang bebaya	Wong cilik tumindak kaya wong gedhe
1. Bathok bolu isi madu					
2. Kebo mulih ing kandhange					
3. Kebo nusu gudel					
4. Kutuk marani sunduk					

24. Gatekna wacan ing ngisor!

Dadi anak kuwi kudu bisa “*mikul dhuwur mendeheh jero*”.

Tegese paribasan “*mikul dhuwur mendhem jero*” yaiku...

25. Gatekna wawancara ing ngisor!

Astri : “Ibu, dhateng pundi kemawon pemasaranipun boneka-boneka flannel menika?”

Bu Ani : “Ya macem-macem, Nak. Ana sing tak dol dhewe ing toko ngarep kae. Separone maneh dipasarake ing supermarket-supermarket.”

Astri : “.....?”

Bu Ani : “Sawulane aku oleh asil bersih kurang luwih limang yuta. Iku mau wis dipotong kanggo gaji karyawan, beaya produksi lan liya-liyane.”

Astri : “Inggih sampun, matur nuwun.”

Miturut wawancara ing dhuwur, pitakonan Astri ingkang trep kanggo jangkepi kahanan yaiku “Asilipun saben wulan piro nggih bu?”.

Jawabane Astri yaiku

- ☐ Benar
☐ Salah

26. Cuplikan teks wawancara ing ngisor wacanen kanthi wigati!

Bu Riris : Bu, panjenengan sesuk esuk tindak Monkasel dhewe?

Bu Ninis : Mboten, kula kesah sareng para siswa.

Jodi : Nggih leres bu Riris, Bu Ninis benjing enjing tindak sareng para siswa.

Pasangan Basa kang digunakake dening Paraga sing bener yaiku

A.	Bu Riris	1.	Krama Lugu
B.	Bu Ninis	2.	Krama Alus
C.	Jodi	3.	Ngoko Alus

27. Gatekna layang ing ngisor!

LELAYU

Innalillahi wa inna ilaihi roji'un

Sampun katimbalan sowan ing Ngarsa Dalem Allah SWT

Ibu Nawang Melati

(4 Januari 1963 – 22 Desember 2021)

Rikala dinten Setu Legi tanggal 22 Desember 2021 jam 05.30 WIB

Ing jln. Pengadaian No. 30

(sisih wetanipun SMP Negeri 1 Bangil, Pasuruan)

Lan sampun kasarekaken ing Makam Segok Bangil

Mugi-mugi Gusti Allah SWT paring pangapunten dhumateng sedaya kalepatanipun saha katampi sedaya amalipun kanthi ganjaran kaswargan. Mugya kaluwarga ingkang dipuntilar kaparingan ketabahan lan kesabaran. Aamiin.

Ingang nandang sungkawa:

Garwa : Heboh Agung Santosa

Putri : Mawar Serimadu

Miturut layang lelayu kasebut, Ibu Nawang Melati tutup yuswa ing tanggal....

- A. 4 Januari 1963
- B. 22 Desember 1963
- C. 4 Januari 2021
- D. 22 Desember 2021

28. Gatekna layang ing ngisor!

	JAWABAN
Surabaya, 1 Maret 2022 Kanggo Kancaku Lindawati A Ing SMP Negeri 36 Surabaya Assalamualaikum Wr.Wb Alhamdulillah aku wis diparinggi umur dawa saking Allah SWT... kanggo mujudake rasa syukur aku ngundang kanca-kanca: Dina : Minggu, 3 Maret 2022 B Panggonan : Wande Pawon Desa, Royal plasa Adicara : Syukuran Pengetan tanggal lair Minangka bebungah menawa kabeh kanca bisa nekani ulemanku, aja lali....tak enteni tekamu. Cukup sakmenene, saka kawigatene maturuwun. C Walaikumsalam Wr.Wb Saka kancamu Mira	• Papan titimangsa • Adagiyah • Pambuka • Isi/ wose • Panutup/wusana basa • Peprenah • Tapak asta • Asma terang • Mira • Lindawati • Minggu, 3 Maret 2022

Perangan layang C diarani....

- A. Panutup
- B. Adagiyah
- C. Pambuka
- D. Isi

29. Gatekna tuladha tembang ing ngisor!

Yo ngesiki ruwangku
Ben ruwange endah ing pandulu
Wusanane edi peni kang nyawiji
Agawe senenge kalbu
Endah asri nyata katon

Guru wilangan lan guru lagune tembang ing ndhuwur yaiku....

- A. 7u – 10u – 12i – 8u – 8o
- B. 7u – 10u – 12i – 8u – 8a
- C. 7u – 10u – 12i – 8a – 8o
- D. 7u – 10a – 12i – 8u – 8o

30. Gatekna aksara jawa ing ngisor iki!

ꦩꦤꦁꦂꦺꦠ

tegese ukara ing dhuwur yaiku ...

- A. Mangan roti

- B. Mangan nanas
- C. Mangan apel
- D. Mangan kates

31. Gatekna aksara jawa ing ngisor iki!

ꦤꦒꦏꦠꦸ

tegese ukara ing dhuwur yaiku “ngangkat batu”

- ☐ Benar
- ☐ Salah

32. Gatekna aksara jawa ing ngisor iki!

ꦲꦤꦏꦱꦶ

Yen ditulis ing aksara latin yaiku

- A. Anak sapi
- B. Anak kucing
- C. Anak kadhal
- D. Anak jaran

33. Gatekna wacan iki!

SENDANG BIRU

Sendang Biru yaiku salah sijine pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang, klebu Kecamatan Sumbermanjing. Manggone ing sakidule kutha Malang kang adohe kurang luwih 30 kilometer.

Pesisir Sendang Biru minangka obyek wisata sing endah lan bisa narik kawigaten marang sapa wae sing teka menyang Sendang Biru jalarane pesisire resik, wedhine katon putih lan yen nyawang mangidul katon njenggerenge Pulo Sempu. Saka pesisir Sendang Biru bisa nyabrang menyang Pulo Sempu.

Diarani Sendang Biru kuwi ana sejarane. Ing pesisir ana sawenehing sumber kang banyune warnane biru. Tembung sumber bisa uga ateges sendhang, mula banjur diarani Pesisir Sendhang Biru

Saka wacan kasebut wenehana tandha (✓) adhedhasar informasi saka teks dheskripsi kasebut!

Ukara	Benar	Salah
Panggone Sendang Biru yaiku ing kecamatan Sumbermanjing		
Yen saka pesisir sendang biru ora bisa nyebrang Pulo Sempu		
Sendang Biru Manggone ing sakidule kutha Malang kang adohe luwih saka 30 kilometer		
Ing pesisir ana sawenehing sumber kang banyune warnane biru		

34. Gatekna wacan iki!

BAYU EKO MOEKTITO

Bayu Eko Moektito lair ing Malang, Jawa Wetan, 13 November 1993. Ing jaman modheren iki ora ana sing ora weruh Bayu Eko Moektito, apa maneh kawula mudha. Bayu Eko Moektito kalebu Youtube Creator sing nduweni daya pangaribawa kanggo ngleluri budaya Jawa, mligine basa Jawa. Basa sing digunakake karo Bayu Skak (jeneng kondhange) nalika nggawe konten video, akeh-akeh nggunakake basa Jawa. Sanadyan nggunakake basa Jawa, nyatane sing nonton Youtube Channel Bayu Eko Moektito ora mung wong Jawa. Iki bisa dibuktekake saka kolom-kolom komentar sing akeh lan padha takon apa tegese sing diomongake dening Bayu Eko Moektito.

Bayu Skak sekolah ing SMK Grafika lan lulus taun 2011. Sabanjure, dheweke nerusake kuliyah ing Universitas Negeri Malang, Jurusan Art and Design. Ana kene dheweke sempet ora kuliyah 3,5 taun amarga nggarap filem kanthi irah-irahan Yo Wis Ben. Filem iki kalebu filem sing entheng banget lan nyaritakake kedadeyan saben dinane. Pangurbanane kasebut ora siya-siya amarga filem kang digawe kasil

ngolehake apresiasi sing apik banget saka penonton lan uga Presidhen Jokowi. Saka kedadeyan iku, Bayu Skak oleh dispensasi cuti saka pihak kampus kanthi cathetan kudu ngasilake karya sing bisa diweruhi kanthi tingkat Nasional.

Minangka kawula mudha, awake dhewe kudu nduweni semangat kanggo nyengkuyung kabudayan Jawa. Prestasi ora mung ana ing pasinaon wae, tuladhane wis bisa dilakokake dening Bayu Skak. Wiwit saiki awake dhewe kudu bisa mangerteni potensi apa sing ana ing sajrone awake dhewe, saengga bisa ngukir prestasi kaya Bayu Skak.

Sing kudu ditindakake minangka kawula mudha ing jaman milenial iki kanggo nguri-uri kabudayan Jawa yaiku

- a. yen nggawe konten youtube kudu sing apik
- b. kudu bisa mangerteni potensi ing awak dhewe
- c. yen nggawe film kudu sing bisa ditonton dening wong akeh
- d. kudu nduweni semangat kanggo nyengkuyung kabudayan Jawa

35. Gatekna teks tembang iki!

AJA DIPLEROKI

*Mas mas mas aja dipleroki
Mas mas mas aja dipoyoki
Karepku njaluk di esemi
Tingkah lakumu kudu ngerti cara
Aja ditinggal kapribaden ketimuran
Mengko gek keru ing jaman
Mbok ya sing eling
Eling bab apa
Iku budaya
Pancene bener kandhamu*

Tembang 'dipoyoki' ana ing teks tembang kasebut nduweni teges

- A. Diguyoni
- B. Diilokna
- C. Dikandhani
- D. Diseneni

36. Gatekna teks tembang iki!

CAPING GUNUNG

*Dhek jaman berjuang
Njur kelingan anak lanang
Mbiyen tak openi
Ning saiki ana ngendi*

*Jarene wis menang
Keturutan sing digadhang
Mbiyen ninggal janji
Ning saiki apa lali*

*Ning gunung tak cadhongi sega jagung
Yen mendung tak silihi caping gunung*

*Sukur bisa nyawang
Gunung desa dadi reja
Dene ora ilang
Nggone padha lara lapa*

Sawise kok waca tembang kreasi ing ndhuwur, pesen moral kang kinandhut ing tembang kasebut yaiku....

- A. Ayo padha budhal berjuang
- B. Nuruti apa sing digadhang

